# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–04 नवम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

प्रदेस क नौ विधानसभा क्षेत्र–मीरापुर, कुंदरकी, गाजियाबाद, खैर, करहल, सीसामऊ, फूलपुर, कटेहरी अउर मझवां में होखे वाला उप चुनाव क तारीख में बदलाव कइ दिहल गइल हौ। भारत निर्वाचन आयोग क सचिव संजीव कुमार प्रसाद येह सम्बन्ध में आजु एगो प्रेस विज्ञप्ति जारी कइ के बतवलें कि येह सज्जो विधानसभा क्षेत्रन में मतदान अब तेरह नवम्बर के जगहि बीस नवम्बर के होई। मतगणना क तारीख पहिले से घोसित तेइस नवम्बर रही।

**********

सरकार, प्रदेस में विदेसी निवेस के बढ़ावे बदे महत्वपूर्ण फैसिला लिहले हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के अध्यक्षता में आजु लखनऊ में भइल प्रदेस कैबिनेट क बइठकी मे प्रत्यक्ष विदेसी निवेस अउर फार्चुन पांच सौ कम्पनियन के निवेस बदे प्रोत्साहन नीति दुइ हजार तेइस में संसोधन के मंजूरी दे दीहल गइल। एकरे जरिया से अब अइसनो बिदेसी कम्पनी प्रदेस में निवेस कइ सकेलीं जे इक्विटी के साथे लोन चाहे कउनों अउरियो स्रोत से धनरासि क इंतिजाम करेलिन। कैबिनेट के फैसिलन पर जनकारी देत वित्त अउर संसदीय कार्यमंत्री सुरेश खन्ना बतवलें कि संसोधन के बाद अब येह नीति के फॉरेन डायरेक्ट इन्वेस्टमेंट, फॉरेन कैपिटल इन्वेस्टमेंट एण्ड फॉर्चून ग्लोबल फाइव हंड्रेड एण्ड फॉर्चून इण्डिया फाइव हंड्रेड इन्वेंस्टमेंट प्रमोशन पॉलिसी कहल जाई।

**********

प्रदेस सरकार क कैबिनेट आजु उत्तर प्रदेश रिटायरमेंट बेनेफिट्स रूल्स ओन्नइस सौ एकसठ में संसोधन के प्रस्तावो के मंजूरी दे दिहले हौ। एहमन जो त कउनों करमचारी क मउति सेवा में रहते भइल चाहे रिटायर भइले के बाद, ग्रेच्युटी क धनरासि पवले बिना हो जाले अउर ऊ केहू के नामिनी नाहीं बनवले हौ त ग्रेच्युटी क भुगतान ओह मनई के कइल जा सके ला जेकरे पक्ष में कउनों न्यायालय की ओरि से उत्तराधिकार प्रमाण पत्र दीहल गइल हौ।

**********

प्रदेस सरकार राज्य में पसुपालन अउर परा–पसुचिकित्सा के क्षेत्र में डिप्लोमा अउर सर्टिफिकेट कोर्स सुरू करे बदे नीति तइयार करे क फैसिला लिहले हौ। पसुधन मंत्री धर्मपाल सिंह आजु कैबिनेट क बइठकी के बाद बतवलें कि येह नया नीति मे प्रदेस में निजी और सरकारी संस्थानन में पसुपालन डिप्लोमा अउर सर्टिफिकेट कोर्स संचालित कइल जा सकी। उहां के बतवलीं कि नीति तइयार करे बदे पसुधन विभाग क बिसेस सचिव क अध्यक्षता में चारि सदस्यीय बिसेसज्ञ समिति क गठन कइल गइल हौ।

**********

लोक आस्था अउर सूर्योपासना के महापरब छठ पर चारि दिन ले चले वाला अनुस्ठान क सुरूआत बिहने नहाय खाय के साथे होई। येह महापरब पर छठ मइया अउर सुरूज देव क पूजा होला। छठ के ले के पूर्वांचल क जिलन के बजारिन में चहल–पहल अउर पूजा घाटन पर तइयारी देखते बनि रहलि हौ। छठ पूजा के सकुसल सम्पन्न करावे बदे प्रसासनो मुस्तैद हो गइल हौ। बनारस में आजु जिलाधिकारी एस राजलिंगम अउर अपर पुलिस कमिश्नर एस चिनप्पा गंगा नदी के विभिन्न घाटन क निरीक्षण कइ के सुरक्षा अउर सुविधा क जनकारी लिहलें।

**********

छठ परब के देखि के यात्रियन क सुविधा अउर सुगम जतरा बदे भारतीय रेलवे देस के कई स्टेसनन के बिच्चे एक सौ पचासी बिसेस रेलगाड़ियन क संचालन कै रहल हौ। पूर्वोत्तर रेलवे क मुख्य जनसम्पर्क अधिकारी पंकज कुमार सिंह बतवलें कि आजु पूर्वोत्तर रेलवे क सज्जो स्टेसनन से छत्तीस बिसेस गाड़ी चलावल जा रहलि हौ।

**********

नदियन क महातम के रेखांकित करत भारत सरकार की ओरि से आयोजित कइल जाये वाले गंगा महोत्सव के मौका पर आजु मऊ जिला में कई गो कार्यक्रमन क आयोजन कइल गइल। जिला गंगा समिति अउर सामाजिक वानिकी प्रभाग मऊ क तत्वावधान में तमसा नदी के किनारे कार्यक्रमन क सुरूआति गंगा आरती से भइल। येह मौका पर सांस्कृतिक मार्च, स्वच्छ नदी विषय पर पेंटिंग प्रतियोगिता अउर एगो काव्य गोस्ठी क आयोजन कइल गइल।

**********

बनारस क विस्व प्रसिद्ध भगवान श्रीकृष्ण क नाग नथैया लीला बिहने संझा तुलसी घाट पर होई। येह लीला के देखे बदे बड़हन संख्या में सरधालुअन क भीड़ि उमड़े ला। गोस्वामी तुलसीदास द्वारा सुरू कइल गइल येह लीला क परम्परा करीब पांच सौ बरिस से चललि आ रहलि हौ।

**********

लखीमपुर जिला क दुधवा नेशनल पार्क येह बेरि पनरह नवम्बर से पहिले छौ नवम्बरे के खोलल जा रहल हौ। दुधवा नेशनल पार्क क उपनिदेसक रंगाराजू टी बतवलें कि छौ नवम्बर के पूजन के बाद सैलानियन क गाड़ियन के जंगल में प्रवेस दीहल जाई। पहिले दिन क प्रवेस निःसुल्क होई।

**********

चउदह बरिस से कम उमिरि क बालक–बालिका लोगिन क अड़सठवां राष्ट्रीय विद्यालयीय कुश्ती प्रतियोगिता सोरह से बीस नवम्बर ले बीर बहादुर सिंह स्पोर्ट्स कॉलेज, गोरखपुर में आयोजित होई। एहमन देस क विभिन्न राज्यन से करीब पांच सौ खेलाड़ी हिस्सा लीहें।

**********

मौसम क बदलि रहल मिजाज अब ठंडी क आहट दे दिहले हौ। काल्हि से सुरू धुंध अउर हल्लुकाहे कुहेसा क सिलसिला आजु भिन्नहियों जारी रहल। मौसम वैज्ञानिकन के हिसाबि से आवे वाले दिनन में सुस्क मौसम के नाते तापमान में गिरावटि बनलि रही। आंचलिक मौसम विज्ञान केन्द्र लखनऊ आगम जतवले हौ कि बिहने सबेरे पूरबी उत्तर प्रदेस क जिलन में मध्यम से घना कुहेसा छवले क अनेसा हौ।

**********